

Pou timoun k ap kòmanse jadendanfan, Tranzisyon an enpòtan!

Kòmanse lekòl matènèl oswa jadendanfan se yon tranzisyon ki gen anpil gwo chanjman ak ti chanjman pou jèn timoun. Avèk èd ou, tranzisyon sa a kapab yon eksperyans pozitif ki ede pitit ou a (e ou menm tou!) gen konfyans nan tèt li epi santi li akonpli yon bagay.

9 Konsèy pratik pou ede pitit ou a Tranzisyon nan jadendanfan

1. Bay pitit ou a opòtinite ki amizan pou l pase tan lwen w, ak lòt granmoun ak timoun.
2. Pale de lekòl nan fason pozitif. Pataje kèk nan bon souvni w genyen sou kòmanse lekòl.
3. Rezève tan regilyèman pou pitit ou a pratike ladrès konte, aprann lèt yo nan non yo oswa itilize sizo. Gade fèy konsèy "Sa pitit ou a dwe konnen pou l pare pou jadendanfan" pou yon referans rapid sou lòt ladrès.
4. Li liv ak pitit ou a epi pale sou foto yo ak istwa a.
5. Ankouraje endepandans lakay pitit ou a lè w bay enstriksyon senp epi kite l fè travay yo poukont li.
6. Fè yon vwayaj nan jadendanfan! Jwe sou lakou rekreyasyon an, vizite bilding lan ak jwenn chanm twalèt yo ka ede diminye enkyetid sou kòmanse lekòl.
7. Avèk pitit ou a, chwazi epi li yon liv nan Lis liv Tranzisyon pou jadendanfan epi diskite sou nenpòt santiman, kesyon oswa enkyetid konsènan jadendanfan.
8. Pale ak pitit ou a sou woutin maten yo, ki gen ladan fason yo pral menmen yo nan lekòl la.
9. Patisipe nan yon pwogram bibliyotèk lete gratis oswa nan yon lòt aktivite kominotè pou ede ou menm ak pitit ou a aprann epi sosyalize ak lòt moun anvan lekòl la kòmanse.